



## NY State of Health se Mache Ofisyèl Plan Asirans Sante Vil New York la.

### Kijan pou mwen enskri nan yon plan?



Sou Entènèt nan sitwèb [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)



Nan telefòn nan nimewo  
1-855-355-5777  
TTY  
1-800-662-1220



Vizite yon Asistan  
Fas-a-fas nan  
[info.nystateofhealth.ny.gov/  
findassistor](http://info.nystateofhealth.ny.gov/findassistor)

NY State of Health konfòme li ak Lwa Federal konsènan dwa sivik ak Lwa Eta ki anvigè epi li pa fè diskriminasyon vi baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, laj, sèks, eta sivil/ sityasyon famiyal, kazye jidisyèl, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sityasyon militè, viktim vyolans nan kay epi/oswa vanjans.

Tout plan NY State of Health bay avantaj prevansyon gratis pou egzamen woutin ak tè depistaj chak ane...


**Men, èske ou te konnen kèk plan garanti vizit kay doktè lè ou malad menmsi ou poko rive nan dediktib ou?**

### 1 Kisa yon vizit maladi ye?

- Yon vizit maladi se yon vizit kay doktè ou lè ou malad, tankou grip la oswa enfeksyon sinis.<sup>1</sup>

### 2 Kijan plan ki garanti vizit maladi yo avan dediktib yo mache?

- Dediktib la se yon montan ou dwe peye avan plan ou a garanti nenpòt sèvis sante ki pa avantaj pou prevansyon.
- **Kèk plan ap peye pou vizit maladi anvan ou rive nan dediktib ou.**
- Sa vle di ou ka achte yon plan ki pi bon mache epi chak moun nan fanmi ou ki kalifye pral gen twa (3) vizit maladi gratis oswa bon mache kay yon doktè avan ou rive nan dediktib ou a.
- Ou ka toujou responsab pou fè yon kotizasyon, si gen youn.



### 3 Ki plan NY State of Health ki garanti vizit maladi anvan ou dwe rive nan yon dediktib?

- Nan 2020, **tout plan estanda Bwonz** (sòf pou opsyon Kont Ekonomi Sante (Health Savings Account [HSA]) ap gen ladan twa (3) vizit maladi gratis san okenn kotizasyon oswa dediktib.
- Kèk **plan Lò ak Ajan** ap gen ladan tou twa (3) vizit maladi anvan dediktib la.<sup>2</sup>
- **Plan estanda Platinòm** yo pa gen dediktib.

### 4 Kijan pou mwen jwenn yon plan NY State of Health ki garanti twa (3) vizit maladi anvan dediktib la?

Plan sante ki ofri twa (3) vizit maladi gratis oswa bon mache yo disponib nan tout konte.

Pou jwenn plis enfòmasyon:

- Vizite zouti pou achte ak konpare plan NY State of Health la nan [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)
  - Chèche plan ak "ST3PCP" nan non plan an.
- Vizite yon asistan enskripsyon NY State of Health. Pou jwenn youn nan kominote w la:
  - Vizite [info.nystateofhealth.ny.gov/findassistor](http://info.nystateofhealth.ny.gov/findassistor)
- Rele nou nan nimewo 1-855-355-5777, TTY: 1.800.662.1220.

1. Vizit maladi gen ladan vizit kay pwofesyonèl swen sante nan medsin familyal, medsin entèn, medsin pedyatrik, obsterik, jinekoloji, oswa sèvis sante mantal pou pasyan ki pa entène oswa sante konpòtmantal oswa itilizasyon dwòg oswa alkòl.

2. Yo ka fè kèk sèvis, tankou tès laboratwa, pandan yon vizit maladi epi ka gen depans ki pataje oswa tonbe anba dediktib ou a.